Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics Test, Book 1
May 5–7, 2010

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **7**

5–7 me 2010

Trik pou fè egzamen an

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.

Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

 Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki sifas rektang ki anba a, an santimèt kare?


A   15

B   17

C   30

D   34

Egzanp B

 Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang *x* yo montre anba a?

A   30°

B   45°

C   90°

D   150°

RETE LA

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

Liv 1

Paj 3

1 Ki mezi ki ekivalan a 1,5 kilogram?

1 kilogram = 1.000 gram

A 15 gram

B 150 gram

C 1.500 gram

D 15.000 gram

2 A midi nan lendi nan Minneapolis, tanperati a, an degre Farennayt (F), te −4°F. A midi nan madi, tanperati a te 6 degre pi wo. Konbyen tanperati a te ye a midi nan madi?

A 2°F

B −2°F

C 10°F

D −10°F

3 Pri televizyon plazma nan yon magazen ki vann aparèy elektwonik, endike anba a.

$1.544 $1.242 $2.285 $1.116 $1.899 $1.649 $1.423 $1.242

Ki etandi pri televizyon plazma yo?

A $1.043

B $1.169

C $1.242

D $1.484

Kontinye

4 Ki ekspresyon ki se yon binòm?

    A p^2

    B $3w$

    C $3w + 1$

    D $3p^2 + 2p + 2$

5 Yon bwat genyen 6 plim wouj ak 4 plim ble ladan l. Cory chwazi yon plim o aza nan bwat la epi l kenbe l. Apresa, Todd chwazi yon plim o aza nan bwat la. Ki pwobabilite a pou toude gason yo chwazi plim wouj?

    A $\dfrac{1}{3}$

    B $\dfrac{9}{25}$

    C $\dfrac{1}{30}$

    D $\dfrac{1}{36}$

6 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$-4x - (-x)$$

    A $5x$

   **B** $3x$

    C $-3x$

    D $-5x$

7 Ki valè ekspresyon an?

$$2 + 3^2 + |-4|$$

A   7

B   12

C   15

D   29

8 Yon piramid rektangilè endike anba a.

Ki fòm ki ta ka baz piramid la?

A   kare

B   pentagòn

C   triyang

D   trapèz

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

Liv 1

Paj 7

9 Gary ak Thomas ap jwe yon jwèt avèk kat ki nimewote. Nan fen jwèt la, Thomas gen 5 kat ki rete li. Si valè chak kat se −50 pwen, konbyen pwen Thomas genyen?

A −250

B −10

C 10

D 250

10 Jwenn valè *a* nan ekwasyon anba a.

$$3a + 2 = a - 6$$

A 4

B 2

C −2

D −4

11 Mesye Wilt prepare kèk zèl poulè pou yon piknik. Grafik ba anba a montre kantite tip diferan zèl poulè li prepare.

ZÈL POUL

Dapre grafik ba a, kilès nan deklarasyon sa yo ki vre?

A Mesye Wilt prepare 2 zèl poulè nòmal anplis ke zèl pike yo.

B Mesye Wilt prepare defwa plis zèl nòmal pase zèl pike.

C Mesye Wilt prepare 2 zèl babekyou anplis ke zèl ak lay.

D Mesye Wilt prepare defwa plis zèl babekyou pase zèl ak lay.

12 Derek gen 12 chemiz nan plaka l la. Si 2 sou chak 3 nan chemiz sa yo aba, konbyen chemiz aba Derek genyen nan plaka l la?

A 2

B 8

C 11

D 18

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

Liv 1

Paj 9

13   Kilès nan sa yo ki se yon inite mezi pou mas yon sache pòm?

   A   kilogram

   B   kilomèt

   C   pous kib

   D   pous kare

14   Joan lanse yon pyès monnen an 100 fwa pandan yon esperyans matematik. Pyès monnen an tonbe sou pil 36 fwa. Dapre rezilta Joan yo, kilès nan deklarasyon yo ki vre?

   A   Pyès monnen an tonbe sou pil plis fwa ke yo te antisipe.

   B   Pyès monnen an tonbe sou fas mwens fwa ke yo te antisipe.

   C   Pyès monnen an tonbe sou fas plis pase pil.

   D   Pyès monnen an tonbe sou fas mwens pase pil.

15   Ki grafik ki reprezante ansanm solisyon pou inegalite ki anba a?

$$x > 26$$

16 Helen ap prepare sak sirèt pou timoun yo ki nan yon fèt. Li gen 2 kalite gou piwouli, 4 kalite bonbon, ak 6 kalite sirèt pou mache anpil. Si chak sache gen 1 sirèt nan chak kalite, ki kantite total konbinezon posib pou sirèt yo nan sache yo?

A 12

B 15

C 36

D 48

17 Ki sipèfisi, an inite kare, rejyon fonse a sou plan koòdone ki anba a?

A 26

B 28

C 30

D 32

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

Liv 1

Paj **11**

18 Mario mache chyen l lan nan pak la yon fwa chak 8 jou, tandiske Todd mache chyen l lan yon fwa chak 14 jou. Jodiya, toulède Mario ak Todd mache chyen yo nan pak la. Nan konbyen jou ankò toude ti gason yo pral mache chyen yo nan pak la nan menm jou a?

    A   2 jou

    B   22 jou

    C   56 jou

    D   112 jou

19 Randy vire flèch ki nan yon jwèt woulèt ki gen 5 seksyon egal ki make A, B, C, D, ak E. Apresa, li lanse yon kib nimewote ki gen 6 kote avèk nimewo sou kote yo de 1 a 6. Ki pwobabilite ke flèch la pral kanpe sou lèt A e ke kib nimewote a pral montre nonm 4 la?

    A $\dfrac{1}{30}$

    B $\dfrac{1}{11}$

    C $\dfrac{1}{6}$

    D $\dfrac{1}{5}$

20 Ki valè *n* nan ekwasyon anba a?

$$2n + 1 = 21$$

A 10

B 11

C 18

D 20

21 Dapre estastistik Rudy genyen sou bezbòl, pwobabilite ke l pral lanse yon boul ak koub se $\frac{1}{4}$. Si Rudy lanse 20 lansman, konbyen lansman ki **gen plis chans** pou yo se boul ak koub?

A 1

B 2

C 5

D 10

Kontinye

22 Jessie fè yon esperyans lè l vire flèch ki nan jwèt woulèt la touwon. Jwèt woulèt la gen kat seksyon egal. Rezilta esperyans li yo prezante nan tablo ki anba a.

ESPERYANS
WOULÈT JESSIE A

Rezilta	Frekans
Ble	11
Vèt	11
Oranj	12
Wouj	8

Dapre done ki nan tablo a, ki pwobabilite **esperimantal** pou flèch la tonbe son wouj?

A $\dfrac{1}{8}$

B $\dfrac{8}{42}$

C $\dfrac{8}{34}$

D $\dfrac{1}{4}$

23 Yon syantis dekouvri yon zo dinozò ki gen 7×10^7 an daj. Ki nonm sa a sou fòm estanda a?

    A   7.000.000

   **B**   7.100.000

    C   70.000.000

    D   71.000.000

24 Ki pi gran faktè komen (PGFK) 64 ak 84 ?

A 2

B 4

C 6

D 8

25 Si K = $\sqrt{31}$ e M = $\sqrt{26}$, ki grafik **pi pre** reprezante anplasman K ak M sou yon dwat nimerik?

A

B

C

D

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

Liv 1

Paj 15

26 Jeffrey vle mezire mas akwaryòm pwason l lan. Ki zouti ki **pi bon** pou l itilize?

    A   règ

    B   balans

    C   mèt pliyan

    D   tas amezire

27 Ki nonm ki se rasin kare 196?

    A   12

    B   14

    C   16

    D   18

28 Rasin kare yon nonm ant 8 ak 9. Kilès ladan yo ta ka nonm sa a?

    A   17

    B   63

    C   71

    D   89

29 Ki lis nonm anba a ki se yon ansanm nonm irasyonèl **sèlman**?

A $\left\{\sqrt{5},\ \sqrt{21}\right\}$

B $\left\{\dfrac{3}{5},\ \dfrac{\sqrt{21}}{3},\ \dfrac{1}{3}\right\}$

C $\left\{\dfrac{3}{5},\ \dfrac{\sqrt{21}}{3},\ \sqrt{9},\ \dfrac{1}{3}\right\}$

D $\left\{\sqrt{5},\ \dfrac{\sqrt{21}}{3},\ \sqrt{9},\ \sqrt{21}\right\}$

30 Brandon vle mennen yon sondaj asavwa si yo ta dwe ajoute chanpiyon nan pitza yo vann nan kafeterya lekòl la. Ki metòd echantiyon k ap ofri Brandon **pi bon** rezilta yo?

A fè entèvyou tout elèv ki vejetaryen yo

B fè entèvyou tout elèv nan yon restoran pitza

C fè entèvyou tout elèv ki pote ti dejene sot lakay yo

D fè entèvyou tout elèv ki manje ti dejene nan kafeterya a

RETE LA

Ane 7

Egzamen Matematik

Liv 1

5–7 me 2010

Grade 7

Mathematics Test

Book 1

May 5–7, 2010